

TATA PANGIBADAH MINGGU ADVEN KAPING TIGA - GKJ AMBARRUKMA

15 Desember 2024

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB
Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ungu, Stola/Logo/Simbol : Salib Jangkar)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah, 2 (kalih) lilin ungu lan 1 (satunggal) lilin jambon .

“Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Gangsal Welas Desember Kalih Ewu Sekawan Likur** (15 Desember 2024), Minggu Kaping Tiga ing Mangsa Adven.

Kita aturaken uluk salam kabingahan kita sami kanthi jawat-asta utawi salam namaste kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Mugi berkah kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **“Ngedalaken Wohing Pamratobat”** badhe kaladosaken dening Bapak/Ibu Pandhita

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pembuka **Kidung Pasamuwan Kristen Selangkung pada Setunggal lan Kalih (KPK 25 : 1 + 2), “Ngabekti Mring Gusti” pasamuwan kasuwun jumeneng**

- | | |
|--|---|
| (1) Swawi pra suci nyawiji tunggal Ati sami ngabekti memuji mring Gusti Ajrih sumelang sedhih lan kasangsaran ginantos kabegjan sihing Pangeran. | (2) Ngidung tan kendhat sru nggunggung Kang Murbengrat, ngetung mukijjad lan sagung sih rahmat, lubering berkah sing swargi tansah tumrah, nyantosakken manah nyirnakken semplah. |
|--|---|

(*Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.*)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: *(Pasamuwan Jumeneng)*

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu Kaping Tiga ing Mangsa Adven punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . / Amin, Amin, Amin.**

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. Lektor : Sabda Introitus : Yesaya 12 : 2 - 6

- Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”
Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus, sumangga kita tansah ngunjukaken panuwun dumateng Gusti, saha nyebut asmanipun, pakaryanipun Gusti kita sumurupaken ing sak indenging bumi, awit pakaryanipun Gusti menika mulya.

Sesarengan kita repenaken kidung sukarena, **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Tigang Dasa Kalih pada Setunggal lan Sekawan (KPK 132 : 1 + 4), “Kabegjaning Tiyang Kristen”**

- (1) Samangkyta kita merdika uwal sing rehing dosa
ngegungken bekti mring Gusti wah asih mring sesami
Refr:
mung kraharjan lan kabegjan kang tansah ngiring gesang
tinebus Sang Kristus Gusti kula sinung basuki.
- (4) Mangkyta kita Umat Kristen kang tansah ndherek Gusti
Injil suci winartosken srana katresnan yekti,.....Refr:

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Wahyu 2 : 5

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

”Pasamuwan kagunganipun Gusti, kita kaemutaken supados tansah mratobat ing sakathahing dosa duraka kita. Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Gangsal pada Setunggal lan Kalih (KPJ 55 : 1 + 2)**, “**Kula Tyang Dosa**”

- | | |
|--|---|
| (1) Kula tyang dosa klangkung ageng,
rinentahan palimirma.

Punika ngeram-eramaken,
kawula sewu tan nyana.

Mangke tan wonten paniksa
mangke tan wonten paniksa

Ming rumentahing sih mirma,
ming rumentahing sih mirma. | (2) Allah ngasihi dhateng kula,
dosa kula ingaksama.

Tan wonten mulading bendunya,
wit kula ingangkat putra.

Kula punika sinten, ta,
Kula punika sinten, ta,
dé rinentahan sih-mirma?
dé rinentahan sih-mirma? |
|--|---|

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pamuji syukur konjuk ing ngarsa Paduka Gusti, ingkang nitahaken jagat raya tuwin sak isinipun. Sih kamirahan Paduka tansah rumentah ing gesang kawula. Lan ing pangibadah menika, kawula saget sowan marek ing ngarsa Paduka. Kawula nelangsani bilih kawula kebak ing momotan dosa. Kawula tiyang ingkang asring damel sekel galih Paduka. Awit saking menika Gusti, kawula nyuwun piwelas saha kamirahan Paduka. Paduka Gusti ingkang paring pangapunten saking sakathahing dosa kawula menika. Kawula nyuwun pitulungan saha sumunaripun pepadhang saking Paduka Gusti, ing sak uruting lampah gesang kawula. Mugi berkah pepadhang sih katresnan saha kamirahan saking Paduka menika tansah kawula lajengaken ing ing gesang menika. Linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Zefanya 3 : 17

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Filipi 4 : 4 - 5

10. Liturgos : “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti, kita kadhwuhan tansah sami bingah-bingah ing gesang sak lebeting Gusti. Pramila sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Kalih Atus Sedasa pada Satunggal lan Kalih (KPK 210 : 1 + 2)**, “**Rawuhipun Gusti**”..... *pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Dhuh Gusti kados pundi nggen kula sung urmat
methukken klayan puji mring ratuning jagad
mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci
mrih nggen kula ngabekti mranani mring Gusti.

- (2) Sing dhampar kang sejati nggih kamulyan swargi,
 Gusti tedhak ing donya nunggil lan manungsa,
 tumut nandhang sangsara ngrembat kasisahan,
 ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangeran.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti *(Pasamuwan Lenggah)*

- a) Pandhita : Pandonga Epiklese**
b) Ngrepenaken Kidung Tema Mangsa Adven

Kagem nyuraosi Mangsa Adven, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Mangsa Adven taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan **“Berjaga Didalam Doa”**. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Sdr. Dkn. Rio Paulus Endro Harsono.

Di tengah dunia penuh cobaan
 Selaksa kesenangan dunia,
 meluruhkan kasihku
 Tuhan piara tubuh, jiwa dan rohku
 Allah utus Putera-Nya,
 Yesus Kristus kes'lamatanku.

Refr:
 Berjaga, s'lalu didalam doa
 Mohon iman yang teguh serta berpengharapan
 Berhikmat, mempersiapkan hidup
 Mohon jiwa yang patuh dan hati yang percaya.

- c) Pandhita : maosaken Lukas 3 : 7 - 18**

- d) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Maranata.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6.543 |
 Mara-nata Mara-nata Mara - na - ta

- e) Pandhita : Paladosan Khotbah**

- f) Irah-irahan: “Ngedalaken Wohing Pamratobat”**

- g) Ancas : Pasamuwan dipun timbali kange sami ngedalaken wohing pamratobat ing gesang padintenan.**

- h) Wekdal Ening.**

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti, berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Awit saking menika, kita badhe caos pisungsung minangka cihnaning raos sokur kita kagem Gusti.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal punika, kapethik saking serat **Filipi Bab Sekawan Ayat Nem (Filipi 4 : 6)** ingkang mekaten suraosisipun:

“Aja padha nyumelangake bab apa baé, nanging padha lairna sakehing pepenginanmu marang Gusti Allah ing pandonga lan panyuwun kalawan caos sokur.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Enem pada Setunggal dumugi Tiga (KPK 186 : 1 – 3), “Pisungsung Konjuk Mring Gusti”**

- (1) Jagad nampik sihing Allah nytingkur mring Sang Pamarta
ning kula pracaya pasrah ngraosken sih rahmat nya

Refr:

mangga sru ngidung ngunggung Hyang Widi wah sung pisungsung konjuk mring Gusti
ngaturken pratandha sokur krana berkahnya mancur.

- (2) Jagad ndlarung aneng. dosa tansah mburu kadonyan,
kula bekti mring Sang Rama wit rinoban kabegjan,.....Refr:

- (3) Jagad manut rehing pati kang dugeng nraka langgeng,
kula tinuntun Roh Suci ing manah ayem tentrem,.....Refr:

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesareangan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,

- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

16. Liturgos : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita tansah mbudidaya supados saget ngedalaken wohing pamratobat ing gesang padintenan.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi **Kidung Pasamuwan Kristen Tigang Atus Sekawan Dasa Tiga pada Setunggal lan Kalih (KPK 343 : 1 + 2), “Purnaning Pangabekti”**

(1) Pinujia nggih Allah Sang Rama wah Sang Putra lan Roh Suci
purna pangabekti aneng greja ngrasuk gesang saben ari

Refr:

payo nindakna kang trusing ati sabdaning Gusti Sung gesang yekti
sinartan dening berkahing Gusti sung sih rahmat mring sesami.

(2) Pangabekti sestu pangibadah lamun Gusti kang den sembah
kraharjaning pepadha den udi jagad ramya tentrem yekti.....Refr:

17. Liturgos : “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur mugi katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”